yéen sama jaam ñi damaa araamal tooñ ci sama bopp, ma def ko muy lu araam ci seen diggante kon buleen di tooñante

Jële nañu ci Abuu Sarrin -yal na ko Yàlla dollee gërëm-: Jële na ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu jële ci Yàlla mu kawe mi mu wax ne:«yéen sama jaam ñi damaa araamal tooñ ci sama bopp, ma def ko muy lu araam ci seen diggante kon buleen di tooñante, yéen sama jaam ñi yéen ñépp dangeen a réer ku dul ki ma gindi, kon sàkkuleen ci man gindiku ma gindi leen, yéen sama jaam ñi yéen ñépp a xiif ku dul ki ma leel, kon sàkkuleen ci man ma leel leen , kon dinaa leen leel, yéen sama jaam ñi yéen ñépp a rafle ku dul ki ma wodd, kon sàkkuleen ci man ma wodd leen kon dinaa leen wodd, yéen sama jaam ñi dangeen di juum guddi ak bëccëg kon jéggaluleen ma ma jéggal leen, yéen sama jaam ñi manuleen maa lor ba di ma lor, te manuleen maa jariñ ba di ma jariñ, yéen samay jaam ñi njëkk ci yéen ak ñi mujj ci yéen, nit ñi ak jinne yi ci yéen bu ñu neekkoon xolu ki gën a ragal Yàlla ci yéen loolu du yokk ci sama nguur gi dara, yéen samay jaam ñi njëkk ci yéen ak ñu mujj ña, ak seen i nit ak jinne bu ñu neekkoon xolu ki gën a kàccoor ci yéen loolu du wàññi ci sama nguur gi dara, yéen samay jaam ñi njëkk ci yéen ak ñu mujj ña, ak seen i nit ak jinne dañoo taxaw ci benn pàkk bu yaatu, ñu ñaan ma ma jox kenn ku nekk la mu ñaan loolu du wàññi li ne fi man lu dul li ab puso di wàññi ci ndoxum géej gi bu ñu ko sa dugalee, yéen sama jaam ñi seen jëf rekk laa leen di dencal joxaat leen ko ba mu mat, ku fa fekk yiw na sant Yàlla, waaye ku fa fekk ay bu mu yedd ku dul boppam».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- moo ngi leeral ne Yàlla dafa wax ne Moom daa araamal tooñ ci boppam, mu def tooñ muy lu araam ci diggante mbindéefam yi, bu kenn tooñ kenn. Mbindéef yi it ñéppay sànku ludul ku Yàlla jubal, te ku ko ñaan Yàlla dana ka ko dëppale te gindi ko. Jaam ñi ñépp a ñàkk te aajowoo jëm ci Yàlla ci séen aajo yépp, ku ñaan Yàlla nag dana faj aajoom te dana ko doy. Te it dañuy def bàkkaar guddi ak bëccëg, Yàlla di leen sururaal di baal jaam bi saa bu sàkkoo njéggal. Te ñoom it manuñóo lor Yàlla te manu ñu koo jariñ ci dara. Te it bu ñu nekkoon ci ben xolu ki gën a ragal Yàlla kon seenug ragal Yàlla du dolli dara ci nguurug Yàlla. Bu ñu nekkoon it ci xolu ki gën a kàccoore kon seenug kàccoore du wàññi dara ci nguuram gi; ndax ñoom dañoo lompañ te dañoo ñàkk jëm ci Yàlla, te aajowoo ko ci bépp anam ak bépp jamono ak bépp bérab, te Moom Yàlla mooy Aji-Doylu ji -tudd naa sellam ga-. ñoom de bu ñu taxawoon ci benn bérab nit ña ak jinne ya, ña njëkk ak ña mujj di ñaan Yàlla, mu may kenn ku nekk la mu ñaan, loolu du wàññi dara ci li nekk ci Yàlla, niki puso bi bu ñu ko dugaloon ci géej gi daal di koy génnewaat du wàññi ca géej ga dara, loolu nag ngirug matam Moom Yàlla mu sell mi. Ak ne sunu boroom day wattu jëfi jaam ñi takkal leen ko, bu bis-pénc baa mu jox leen ko ba mu mat, ku fa fekk payug jëfam nekk aw yiw na sant Yàlla ci li mu ko dëppaleek yoonu toppu ko, ku fa feek payug jëfam di leneen

kooku bu mu yedd kenn kudul bakkanam biy digle lu ñaaw te wommat ko jëme ko ci toskare.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4810